



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 100 MILYON DOLA DISPONIB POU OTOBIS LEKÒL ZEWÒ EMISYON YO

*Yo pevwa premye Faz finansman pou Lwa sou Obligasyon Anviwòmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la pou otobis lekòl zewò emisyon yo*

*Pwosesis pre-aplikasyon ki lanse pou fabrikan ak konsesyonè otobis yo*

*Peryòd aplikasyon pou finansman ap ouvri 29 novanm*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo pral mete 100 milyon dola disponib nan tout eta a pou otobis lekòl zewò emisyon yo nan premye faz finansman ki disponib pou otobis sa yo dapre Lwa 2022 sou Obligasyon Anviwòmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp, ak Travay Vèt istorik la. Lè yo itilize finansman sa a, distri lekòl yo ak operatè otobis yo nan tout eta apral kapab elimine otobis ki mache ak konbistib fosil yo, pwogresivman, diminye emisyon yo, epi fè otobis zewò emisyon yo vin pi abòdab. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act goal, CLCPA) a pou diminye emisyon gaz a efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050 ak inisyativ Diskou sou Sitiyasyon Eta 2022 Gouvènè Hochul la pou egzije tout nouvo bis lekòl yo vann nan Eta New York yo zewò emisyon disi 2027 ak tout bis lekòl ki sou wout la pou zewò emisyon disi 2035.

"Angajman fon piblik ak oryantasyon yo pibliye jodi a mete lekòl Eta New York yo ak operatè otobis yo sou yon chemen pou yo anbrase transpò pwòp ak avantaj li pral pote yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Otobis zewò emisyon yo pral tounen yon mak distenktif, nonsèlman transpòte elèv yo atravè kominote nou yo, men tou, yo montre pwomès ak posibilite pou yon avni ki pi an sante, ki pi favorab pou anviwòmman an, ki ba kabòn pou sitwayen ki pi jèn nou yo."

Jodi a, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te pibliye règ pwogram yo, li te lanse ofisyèlman pwosesis pre-aplikasyon an kote fabrikan otobis yo ak dilè yo ka aplike pou kalifye pou Pwogram Ankourajman Otobis Lekòl New York (New York School Bus Incentive Program, NYSBIP) la. Règ pwogram yo pral gide yon alokasyon total 500 milyon dola nan Lwa sou Obligasyon an pou otobis lekòl ak enfrastrikti zewò emisyon. Pwosesis aplikasyon an pou resevwa finansman an pal ouvri mèkredi 29 novanm

2023. Pou bay plis enfòmasyon sou objektif, direktiv, pwosesis ak delè NYSBIP yo, NYSERDA pral òganize yon webinè 11 oktòb 2023, a 12 p.m., kote ou ka enskri [isit la](#). Pou kontinye aktyalizasyon pwogram yo, tanpri [reiwenn lis anvwa nou an](#).

NYSBIP se yon pwogram ankourajman nan pwen vant nan tout Eta New York ki ofri rabè pou operatè flòt otobis lekòl ki elijib yo ki achte otobis lekòl ak ki mache ak batri elektrik zewo emisyon (BEV) oswa otobis elektrik ak selil konbistib idwojèn (FCEV) ak enfrastrikti rechaj ki asosye ak yo. Yo pral debouse ankourajman pou otobis lekòl yo dirèkteman bay konsesyonè ak fabrikan yo pou konpanse kèk oswa tout diferans ki genyen nan pri acha ant otobis lekòl zewo emisyon yo ak otobis ki konparab ki mache ak dyezèl oswa gazolin. Yo pral bay pwopriyete flòt la tou ankourajman enfrastrikti pou rechaj dirèkteman (bay distri lekòl la oswa kontraktè yo).

Lwa sou Obligasyon anviwònmanal la egzijè pou kominote ki defavorize yo pa dwe resevwa mwens pase 35 pousan, ak yon objektif 40 pousan, nan avantaj total finansman Lwa sou Obligasyon an. Dapre objektif sa a, NYSERDA pral vize pou asire omwen 40 pousan avantaj NYSBIP [kominote ki defavorize yo](#). Otobis ki domisilye nan oswa k ap sèvi kominote ki defavorize yo ak/oswa [distri lekòl ki gen gwo bezwen yo](#) pral resevwa konsiderasyon pou pi gwo kantite ankourajman.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare,** "Finansman Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal la kreye yon opòtinite esansyèl ki pote otobis lekòl zewo emisyon yo an premye liy enèji pwòp la ak avni klimatik Eta New York la. Enkòpore kòmantè kominote yo te resevwa nan reyinyon Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal la ete sa a ak atravè peryòd kòmantè ki ouvri kritè preliminè a, kounye a ap achemine nan pwochen etap la – nan travay an patenarya ak distri lekòl yo, operatè otobis yo ak fabrikan yo pou fè chanjman enpòtan nan transpò elèv yo lè yo mete otobis ki plis pwòp sou wout nou yo."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt New York la se yon investisman dirèk jenerasyon nou an nan yon avni ki pi an sante pou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo. Pandan Gouvènè Hochul ap kontinye bay priyorite pou enpleman Lwa sou Obligasyon an nan yon fason transparan, DEC pa ka tann kolaborasyon kontinyèl nou ak NYSERDA ak lòt patnè ajans Eta yo epi li bat bravo pou premye 100 milyon dola sa a ki disponib pou otobis lekòl ki pi pwòp yo ki pral benefisye timoun ak kominote yo atravè eta a."

**Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik la Rory M. Christian te deklare,** "Mwen bat bravo pou angajman solid Gouvènè Hochul pou devlope yon ekonomi enèji pwòp. Angajman sa a demontre nan plizyè fason, tankou sipò li pou devlopman ak ekspansyon itilizasyon machin elektrik yo. Pwogram tankou sa yo ki dedye a elaji itilizasyon otobis zewo emisyon yo pral ede diminye emisyon nan lè a epi amelyore anviwònman an pou tout Nouyòkè yo."

**Komisè Depatman Edikasyon Eta New York la, Betty A. Rosa, te deklare,** "Otobis zewo emisyon yo ka gen avantaj enpòtan pou lekòl nou yo ak distri yo atravè eta a, espesyalman distri iben nou yo, lè yo redui polisyon ak bay elèv yo yon opsyon transpò ki pi pwòp. Lòt resous—tankou sa yo anonse jodi a—pral enpòtan anpil pou asire kominote lekòl yo kapab fè investisman sa yo. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul epi an kolaborasyon avèk ajans patnè nou yo, nou ka kontinye travay pou bay kominote ki pi pwòp, ki pi an sante pou prèske 2.5 milyon elèv New York yo."

**Senatè Eta a, Timothy Kennedy te deklare,** "Tranzisyon flòt otobis lekòl eta nou an pou pase nan otobis elektrik se yon eleman enpòtan nan bati yon New York ki pi ekolojik epi ki pi jis pou anviwònman an. Investisman sa a pral ede konsesyonè yo nan bese pri fabrikasyon yo epi finalman ekonomize plizyè milyon dola nan distri lekòl yo - yon viktwa sou tout aspè."

**Senatè Eta a Shelley Mayer te deklare,** "Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul pran pou mete Eta New York la nan premye liy lan pou konbat chanjman klimatik la nan tranzisyon pou itilize bis lekòl zewo emisyon yo. Pandan plizyè ane ki sot pase yo, nou te andire yon tanpèt katastwofik akoz chanjman klimatik la. Nou dwe kontinye fè gwo pwogrè nan diminye kantite kabòn ki libere nan atmosfè a, pandan n pa mete distri lekòl yo ak kominote yo nan difikilte finansye. Lajan sa yo se yon etap enpòtan nan sipòte distri lekòl ki fè tranzisyon sa a."

**Manm Asanble Didi Barrett te deklare,** "Pandan n ap travay pou dekarbonize flòt otobis Eta New York la, li enperatif pou nou bay distri lekòl nou yo resous yo bezwen pou fè tranzisyon sa a san yo pa chaje bidjè lekòl yo oswa kontribiyab yo", deklarasyon Manm Asanble Didi Barrett, Prezidan Komite Enèji Asanble a. "Lè nou te adopte Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la, nou te pran angajman pou n anrejistre investisman nan nouvo ekonomi vèt nou an, epi mwen kontan dèske Gouvènè Hochul ak NYSERDA te fè finansman enpòtan sa a disponib pou otobis lekòl zewo emisyon."

**Manm Asanble Deborah Glick te deklare,** "Nesesite pou w debarase otobis lekòl yo ki sèvi avèk konbistib fosil yo klè. Yo itilize otobis sa yo chak jou lekòl nan chak ane, sa ki ekspeze timoun yo ak katye yo fas ak emisyon danjere yo. Otobis lekòl yo opere nan tout pati nan eta a pou fè yon sèvis esansyèl, men yo bezwen fè sa san yo pa afekte kalite lè a. Mwen felisite Gouvènè a paske li te pran etap enpòtan sa a ki pral ede distri lekòl yo atravè eta a jwenn aksè ak kalite otobis lekòl yo ki pral rann kominote yo pi pwòp."

**Manm Asanble Michael Benedetto te deklare,** "Konvèti nan otobis lekòl elektrik se yon nesosite. Enèji pwòp pral vle di yon planèt ki pi pwòp. Mwen bat bravo pou NYSERDA pou finansman inisyativ vital sa a."

**Prezidan Asosyasyon Distribitè Otobis Eta New York la, Robert Reichenbach, te deklare,** "Nou felisite Gouvènè Hochul ak lejislati a pou lidèchip yo nan asire finansman eta ki nesèsè yo disponib pou ede distri lekòl yo pandan y ap kòmanse tranzisyon flòt otobis lekòl yo an otobis ki konplètman elektrik. Nou travay chak jou avèk distri lekòl

nou an ak patnè transpò lekòl prive yo pou ba yo konsèy, otobis, ak sipò yo pral bezwen pou satisfè manda otobis lekòl ki konpètman elektrik New York la. Nou pa ka tann pou nou travay avèk yo ak ekip Gouvènè a pandan n ap ede ranplase plis pase 47,000 otobis lekòl konvansyonèl k ap fonksyone nan Eta New York."

**Asistan Sirentandan pou Biznis nan Distri Lekòl Gates Chili Central la, Doktè Mitchell Ball, te deklare,** "Gras a finansman pou inisyativ pwòp tankou sa a, Gates Chili te mennen bak la epi li te premye distri nan pati nò New York ki te ajoute otobis lekòl elektrik nan flòt li a", deklarasyon doktè Mitchell Ball, Asistan Sirentandan pou Biznis nan Distri Lekòl Gates Chili Santral nan Rochester, NY. "Nou anbwase ak fyète depasman nan direksyon otobis zewo emisyon, ki ajoute valè pou fanmi nou yo epi pran dispozisyon pou adrese enpak nou sou anviwònman an."

Gid kalifikasyon NYSBIP yo te ouvri pou kòmantè piblik jiska 1e septanm 2023. Règ yo pibliye jodi a refilete opinyon kòmantè piblik yo. Angajman piblik se yon eleman kle nan aplikasyon Lwa sou Obligasyon an. Yon [sondaj sou lide pwojè a kontinye rete ouvri jiska samdi 30 septanm sa a](#) pou mande opinyon sou mekanis finansman Eta a ki egziste yo epi ede minisipalite yo, òganizasyon kominotè yo, ak lòt Nouyòkè pataje ide pwojè potansyèl yo epi kolekte opinyon sou kalite pwojè kominote yo ka vle sipòte ak resous Lwa sou Obligasyon yo. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon ale sou [www.ny.gov/BondAct](http://www.ny.gov/BondAct). Lòt opòtinite ap disponib pou piblik la kòmante sou gid pou pwogram ki deja egziste oswa nouvo pwogram yo pou distribye finansman.

Chanjman nan otobis lekòl zewo emisyon ede kreye anviwonman ki pi an sante pou elèv yo ak kominote yo nan diminye polisyon ak emisyon yo. Kantite polyan siyifikatif ki emèt nan otobis lekòl ki mache ak dyezèl ak gazolin kontribye nan lè ki pòv lè yo pwodui patikil (PM), monoksid kabòn (CO), ak oksid nitwojèn (NOx) kote lè yo gaye yo ka tounen nan kabin machin nan epi rete la, vin agrave kondisyon sante kwonik yo, ki gen ladan opresyon oswa andikap mantal.

Yon gwoup travay entè-ajans ki gen plizyè ajans eta te fèk konkli yon toune ekout nan tout eta a ki te sèvi pou idantifye bezwen pou finansman anviwònmantral atravè eta a epi devlope lojistik pwogram nan, ki gen ladan direktiv kalifikasyon adisyonèl pou fason yo pral chwazi ak sèvi pwojè yo, atravè yon pwosesis transparan ak kolaboratif.

Dènyèman, Gouvènè Hochul te anonse [Fèy de Wout pou Bis Lekòl ki Elektrik Eta New York](#) ak [Manyèl Enstriksyon pou Bis Lekòl Elektrik](#) pou ede lekòl Preskolè jiska 12èm ane New York yo fè tranzisyon nan flòt bis zewo emisyon. Nouvo resous sa yo bay distri lekòl ak operatè bis yo asistans teknik ki nesèsè pou retire veyikil konbistib fosil yo nan sèvis epi ede diminye emisyon transpò yo ak yon konsantrasyon sou kominote ki defavorize ak distri lekòl ki gen gwo bezwen yo. Alafwa Fèy de Wout la ak Liv Enstriksyon an souliyen faktè ak desizyon ki enpòtan ke distri lekòl ak operatè bis yo fè fas lè y ap konsidere opsyon bis ekolojik yo. Anplis de sa, NYSERDA ak founisè sèvis piblik yo ki kouvri majorite distri lekòl Eta a pral bay asistans teknik pou sipòte distri eskolè yo ak plan operatè flòt yo pou tranzisyon an.

Nan selebrasyon Semèn Klimatik la semèn pase a epi pou ankouraje plis elektrifikasyon flòt otobis yo [Gouvènè Hochul te anonse tou konstriksyon k ap pwogrese](#) sou 53 bòn rechaj ayeryen modèn pou otobis elektrik nan depo Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) nan Manhattan, Queens, Staten Island ak Brooklyn. Enfrastrikti elektrik modènize a pral sipòte flòt otobis zewo emisyon MTA k ap grandi nan tout Vil New York la, diminye emisyon kabòn, abòde chanjman klimatik epi sèvi kòm yon modèl pou lòt operatè flòt otobis metwopoliten yo.

Anons jodi a konplete investisman kontinyèl Gouvènè Hochul nan transpò pwòp. New York ap investi plis pase 1 milya dola nan veyikil zewo emisyon pandan senk ane kap vini yo ak adopte règleman machin pwòp ak kamyon pwòp ki mande pou 100 pousan lavant machin pasaje ak kamyon lejè ZEV disi 2035. Inisyativ veyikil lejè aktif yo enkli rabè pou achte veyikil zewo emisyon atravè [Pwogram Ranbousman Rabè pou Kondui Pwòp](#), (Drive Clean Rebate) NYSERDA a, sibvansyon pou veyikil zewo emisyon ak enfrastrikti rechaj atravè [Pwogram Sibvansyon Minisipal Kominote Entelijan pou Klima](#) (Climate Smart Communities, CSC) Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, ansanm ak [inisyativ "EV Make Ready"](#) (Prepare pou Veyikil Elektrik), pwogram pwogram enfrastrikti rechaj [EVolve NY](#) Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la, enfrastrikti rechaj [Charge Ready 2.0](#) pou Nivo 2 NYSERDA a ak pwogram [Enfrastrikti Nasyonal Veyikil Elektrik](#) (National Electric Vehicle Infrastructure, NEVI) Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la pou ede elaji itilizasyon veyikil elektrik. Inisyativ kamyon mwayen ak pwa lou aktif la genyen ladan l koupon pou acha kamyon zewo emisyon atravè [Pwogram Koupon pou Kamyon New York \(New York Truck Voucher Program, NYTVIP\)](#) ak Pwogram Kamyon Pwòp Vil New York, "Prepare pou Machin Elektrik" (New York City Clean Trucks Program, inisyativ ["EV Make Ready"](#) pou ede devlope itilizasyon machin elektrik, sèvis evalyasyon flòt, ak Konkou 24 milyon dola nan Pri pou Kamyon ak Bis Elektrik la nan kad [Prim Transpò Pwòp New York](#) la ki se 85 milyo dola.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwèn pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki

gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)